



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI LAKAY YO EKIP PONPYE ETA NEW YORK LA KI TE DEPLWAYE AN JIYÈ POU KONBAT ENSANDI FORÈ NAN REJYON LWÈS LA

Ponpye DEC yo te ede efò yo pou kontwòle ensandi forè yo nan Montana ak Oregon

[Gade foto deplwaman yo](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a retou an sekirite yon ekip 21 ponpye forè ke Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la te dirije apre yon misyon de semèn nan Montana ak Oregon. Yon ekipaj 20 moun te ede ak efò ponpye nan Grouse Fire nan Montana. Yo te asiyen Gad Forè anplis ak Ekip Jesyon Ensidan Zòn Lès la pou lite kont ensandi nan Red Fire nan Oregon.

"Lè lòt eta mande èd nan men New York, nou toujou pare pou bay yon koutmen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a ekspètiz DEC Forest Rangers nou yo ak ponpye sovaj nou yo, nou te kapab kontribye nan efò sipresyon nan de eta yo. Mwen rekonesan anvè moun ki dispoze vwayaje lwen lakay yo pou ede etranje ki nan bezwen epi mwen kontan akeyi ki tounen san danje."

Ensandi Grouse la te boule plis pase 3,000 kawo tè nan Forè Nasyonal Beaverhead-Deerlodge depi li te kòmanse 25 jiyè a. Ekipaj Eta New York la te mete tèt yo ansanm ak plis pase 200 ponpye ki soti toupatou nan peyi a. Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Robert Praczkajlo, te sèvi kòm chèf ekip pandan misyon de semèn nan ak sèt lòt Gad Forè, 11 nan ponpye DEC ki resevwa fòmasyon kòm espesyalis ki soti nan Divizyon Tè ak Forè, Pwason ak Bèt Sovaj, ak yon Gad Ensandi DEC la. Sekouris sa yo te konsantre sou kenbe liy kontwòl la, patwouye pwen cho yo, epi chèche potansyèl menas pou bilding yo.

Michael Burkholder, Gad Forè Eta New York, te sèvi kòm Lidè Inite Etablisman nan Red Fire, ki te boule prèske 202 ekta tè nan Forè Nasyonal Deschutes depi li te kòmanse 17 jiyè apre yon kout loraj. Gad Forè Burkholder te fè enspeksyon etablisman yo epi li te sipòte yon gwo kan pou plis pase 250 ponpye ak anplwaye sipò.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Mwen remèsye anplwaye DEC ki devwe ak espesyalize nou yo ki soti nan plizyè divizyon paske yo te reponn apèl eta sè nou yo ki se Montana ak Oregon. Nonsèlman ponpye nan zòn sovaj sa yo te bay yon sèvis ki gen anpil valè, men tou y ap retounen ak nouvo konesans sou ensandi ki pral ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan ka ta gen ensandi forè isit la lakay yo."

Ekip ki Retounen:

Michael Burkholder – Lidè Inite Etablisman – Gad Forè, Norwich
Robert Praczkajlo – Chèf Ekip – Gad Forè, Saranac Lake
James Canevari – Tè ak forè, Hermon
Gregory Cerne – Pwason ak Bèt Sovaj, New Paltz
Josh Choquette, Pwason ak Bèt Sovaj, Bovina Center
Jonathan Cleveland – Tè ak forè, Corning
Lawrence Day – Gad Ensandi, Hammondsport
Eric Egger – Tè ak forè, Hornell
Aaron Graves – Tè ak forè, Potsdam
Lincoln Hanno – Gad Forè, Croghan
Scott Hicks – Gad Forè, Ronkonkoma
Steven Jackson – Gad Forè, Johnsonville
Eric Kasza – Tè ak Forè, Cherry Valley
Kramer Kwaczala – Tè ak Forè, Albany
Chester Lunt – Gad Forè, Fabius
Jamison Martin – Gad Forè, North Hudson
Peter Morehouse – Gad Forè, Chestertown
Michael Putnam – Pwason ak Bèt Sovaj, Syracuse
Logan Quinn – Gad Forè, North Hudson
Daniel Welc – Tè ak forè, Sherburne
Timothy Yeatts – Tè ak forè, Accord

Twa ponpye DEC anplis nan zòn sovaj yo te deplwaye nan Montana semèn sa a epi yo prevwa ke lòt yo pral deplwaye nan lwès nan semèn k ap vini yo pou sipòte efò kontinyèl sipresyon dife. An 1979, New York te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo ensandi nan forè yo. An mwayèn, yo konn deplwaye youn oswa de ekip, jan sa nesesè, pou ede metrize dife forè chak ane. Anplis de ede frennen ensandi nan forè yo epi minimize domaj yo, ekip sa yo gen bon jan eksperyans ki kapab itilize pou lite kont ensandi nan forè yo epi jere ensidan ki gen tout kalite risk nan new York. Sèvis Forestye Ameriken an ap peye dirkteman tout pèsònèl ak pou depans vwayaj pou ekip New York yo oswa l ap ranbouse Eta New York dapre yon akò èd mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

Nou ankouraje moun ki enterese vin yon Gad Forè pou aplike anvan 14 out pou pran pwochen egzamen Sèvis Sivil ki pwograme otòn sa a. Vizite [sitwèb Depatman Sèvis Sivil \(Department of Civil Service\) la](#) pou aprann plis.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)